

KOTE POU APLIKE

Fasilitatè nou yo k ap ede moun enskri yo sitye nan tout senk awondisman Vil New York. Rele **1-800-544-8269** oubyen biwo ki pi pre w la jodi a pou w ka pale ak yon Fasilitatè k ap ede moun enskri. Tanpri rele davans pou enfòmasyon sou orè ak lè fonksyònman lokal la. Adrès lokal la ka chanje.

MANHATTAN

Chinatown
27 East Broadway
3rd Floor
646-647-4496
Chinwa/Anglè

40 Bowery Street
929-270-2179
Chinwa/Anglè

East Harlem
158 E. 115th Street
917-903-4028
Panyòl/Anglè

1901 First Avenue
3rd Floor
OPD Building
646-647-5016
Panyòl/Anglè

BROOKLYN

Sheepshead Bay
2555 Ocean Avenue
2nd Floor
646-640-7334
Arab/English

Bedford-Stuyvesant
930 Halsey Street
Basement Office 1
646-942-1149
Panyòl/Anglè

Fort Greene
295 Flatbush Avenue
Extension, 3rd Floor
718-312-9115
Albanè/Bosnyak/
Sèbo-Krowat/
Masedonyen/Tik/
Anglè

Sunset Park
462 36th Street
2nd Floor
718-219-4539
Chinwa/Anglè

5002 8th Avenue
646-899-9025
Chinwa/Anglè

4101 8th Avenue
4th Floor
929-270-2179
Chinwa/Anglè

BRONX

East Tremont
535 East Tremont
Avenue
347-380-1106
Panyòl/Anglè

QUEENS

Astoria
12-26 31st Avenue
718-312-9114
Panyòl/Anglè

Corona
103-24 Roosevelt
Avenue
3rd Floor
646-632-5285
646-640-7330
Panyòl/Anglè

Elmhurst
79-01 Broadway,
1st Floor
646-899-9027
Panyòl/Anglè

Flushing
133-14 41st Avenue
7th Floor
646-647-5943
Chinwa/Anglè

42-60 Main Street
917-246-7965
Chinwa/Anglè

142-38 37th Avenue,
2A
646-647-5943
Chinwa/Anglè

Jamaica
90-40 160th Street
646-647-5002
Panyòl/Anglè

Ridgewood
55-05 Myrtle Avenue
3rd Floor
646-584-2855
Panyòl/Anglè

STATEN ISLAND

New Dorp
88 New Dorp Plaza,
Suite 202
646-570-7701
Arab/English
646-899-9025
Chinwa/Anglè

ÈSKE W GEN 65 LANE OSWA PLIS? ÈSKE OUMENM, OUBYEN YON PWÒCH OU, AP VIV AK YON ANDIKAP?

**Nou ofri asistans GRATIS pou Ede ou Aplike pou
Asirans Sante Ba Pri ou Gratis**

Medicaid
ak Pwogram Ekonomi Medicare (Medicare Savings Program)



Paske Sante W Enpòtan
1-800-544-8269

ASISTANS POU ENSKRIPSYON ASIRANS SANTE PIBLIK POU POPILASYON AJE, AVÈG & ANDIKAPE (AGED, BLIND & DISABLED, ABD)

Si w gen plis pase 65 ane, w ap viv ak yon andikap, ou avèg ou gen pwoblèm pou wè, nou ka ede w aplike pou Medicaid ak Pwogram Ekonomi Medicare a.

Fasilite nou yo k ap ede moun enskri pale plizyè lang epi yo konprann bezwen w yo. Yo lokalize nan lokal ou fè konfyans nan kominote w la. Yon fasilite enskripsyon ka vini lakay ou tou si w pa ka vini jwenn nou akoz yon andikap. Y ap ede w konprann pwosesis enskripsyon an etap pa etap epi ede w:

- Konplete aplikasyon w lan
- Fè swivi sou dosye w la
- Voye aplikasyon w lan bay HRA pou pran yon desizyon
- Asiste avèk renouvèlman Medicaid

Si w ap gen 65 ane nan 3 pwochen mwa yo oubyen ou gen 65 ane oubyen pi gran, ou petèt ka kalifye pou jwenn avantaj medikal adisyonèl atravè pwogram Medicare a. Ou oblije aplike pou Medicare paske se yon kondisyon pou w kalifye pou Medicaid. Nou kapab ede ou! Nou gen konseye Medicare fòme ki ka ba w asistans gratis lè w ap enskri pou Medicare. Rele nan **1-800-517-6670** pou jwenn plis enfòmasyon.



KI MOUN YO KONSIDERE KÒM AJE, AVÈG & ANDIKAPE (ABD)?

Pou pwogram sa, yo konsidere w:

Aje: Si w gen 65 ane oswa plis.

Avèg: Si Komisyon Eta New York pou Moun Avèg (NYS Commission for the Blind) te sètifye ou kòm yon moun ki avèg.

Andikap: Si Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA), Ekip Revizyon Andikap Medicaid Eta a, oubyen Ekip Revizyon Andikap Medicaid lokal (NYC sèlman) Sètifye w Andikap.

Pa Sètifye kòm Andikap men gen yon Maladi Kwonik: Yon moun ki pa kapab pèfòme omwens de (2) aktivite lavi kotidyèn tankou manje, ale nan twalèt, deplase de yon plas ale nan yon lòt, benyen ak abiye, oubyen ki ekzije anpil sipèvizyon pou pwoteje kont kriz ki gen rapò ak sante ak sekirite akoz defisyans grav konsènan lespri, oubyen genyen yon nivo andikap ki menm jan ak sa Ekip Revizyon Andikap Medicaid Eta a.

PWOGRAM ASIRANS SANTE YO GARANTI

Nou ka ede w avèk pwogram ki apre yo:

Medicaid: Pwoteksyon Kominotè avèk oswa san Sèvis Swen Alontèm Ki Baze Nan Kominote as

Pwogram Racha Medicaid pou Moun K Ap Travay Ki Gen Andikap (MBI-WPD): Moun ki andikap k ap travay ka gen chans pou achte pwoteksyon swen sante Medicaid.

Pwogram Medicaid Revni Ekstra (Excess Income) (Medicaid Spend Down): Founi pwoteksyon pou kèk moun ki gen revni ki depase liy direktis revni ki Medikalman Nesèsè

Pwogram Ekonomi Medicare (Medicare Savings Program): Asistans pou w peye pou Prim (Premium) Medicare w la

Medicare: Nou ka ede w aplike atravè Administrasyon Sekirite Sosyal la

KISA POU POTE LÈ W AP APLIKE


Rele davans pou w ka pran yon randevou ak diskite sa w ap bezwen pote. Men kèk bagay ou ka jeneralman bezwen:

Medicaid:

- Prè adrès lakay ou ki date de yon peryòd 6 mwa (tankou kontra lokasyon kay, fakti dlo ak bòdwo kouran, anvlop tenbre, lisans kondi, korespondans ki soti nan yon ajans gouvènmanal)
- Prè Sitwayènte/Estati Imigrasyon/Idantite (pa egzanp, Paspò Ameriken, Sètifika Natiralizasyon, Sètifika Sitwayènte Ameriken, Kat Rezidans, Kat Otorizasyon Travay)
- Prè revni aktyèl (tankou souch chèk, lèt ki soti nan men anplwayè ki gen antèt konpayi a, lèt alokasyon avantaj pou chomaj)
- Prè resous aktyèl (tankou atestasyon bankè, IRA – si w ap aplike pou Sèvis Swen Alontèm ki baze nan kominote a)
- Si w sètifye kòm avèg/andikap, fòk ou bay prè obligatwaman

Pwogram Ekonomi Medicare (Medicare Savings Program):

- Tanpri gade ki dokiman anlè a ou ka bezwen lè w ap aplike pou MSP
- Ou dwe aktif nan Medicare Pati A ak/ou Medicare Pati B, ak prè asirans aktyèl ou a si sa aplikab (tankou kat Medicare)



Ansyen Kat Medicaid



Nouvo Kat Medicaid